



AVI

MBTA Orange line ap fèmen soti 19
Out pou rive 18 Septanm

KREYÒL AYISYEN (HAITIAN CREOLE)

OPSYON TRANSPÒ PANDAN ORANGE LINE LAN FÈMEN

BIS GRATIS

Bis altènatif pou Orange Line la pral opere ant Forest Hills ak Back Bay/Copley ansanm ak Oak Grove ak State/Government Center. Pran Green Line la ant Government Center ak Copley.

Bis altènatif yo ta dwe rive chak 45 segonn pandan lè ki pi okipe yo. Nou ap atann pou bis altènatif yo pran plis tan pase tan vwayaj tradisyonèl Orange Line yo. Tout machin altènatif yo pral konfòme ak ADA. Gen kèk bis ki pral gen etaj bese, men majorite a pral gen asansè pouw ka antre pa dèyè. Lòt bis ki aksesib pou chèz woulant ap disponib lè ou mande.

BLUEBIKES

Pandan Orange Line la fèmen an, tikè Bluebikes yo gratis pou 30 jou ap disponib pou tout moun. Ou ka itilize tikè sa a pou transpòtasyon ilimit pou 45 minit epi li ap gratis. Nou pral garanti bisiklèt ak waf nan plizyè estasyon Bluebikes. Enskri sou bluebikes.com oswa nan aplikasyon mobil lan. Vizite bluebikes.com pou w wè yon kat stasyon yo.

POU MOUN K AP KONDWI YO

Si w kapab, tanpri evite kondwi pandan tan sa a. Nou ap atann enpak sou rezo trafik nou an nan tout rejyon an akòz liy lan ap fèmen an. Lè w rete lakay ou, mache, monte bisiklèt, oswa pran transpò piblik pito, w ap kite plas sou wout yo pou moun ki oblije kondui yo ak premye sekouris yo. Vizite Boston.gov/Orange-Line pou w rete o kouran!



AVI

MBTA Orange Line ap fèmen soti 19
Out pou rive 18 Septanm

KREYÒL AYISYEN (HAITIAN CREOLE)

OPSYON TRANSPÒ PANDAN ORANGE LINE LAN FEMEN

COMMUTER RAIL

Nenpòt moun ka monte nan yon tren nan stasyon Commuter Rail ki nan vil Boston an san okenn frè pandan Orange Line la fèmen an. Pou monte, montre ofisye tren an yon CharlieCard oswa CharlieTicket. Yo pa oblije gen kòb sou yo, epi ou pa bezwen achte yon pas oswa tikè Commuter Rail. Sa aplikab pou tout stasyon Zòn 1A, 1, ak 2 Commuter Rail stasyon ki andeyò vil la. Vizite [mbta.com/commuter-rail](https://www.mbta.com/commuter-rail) pou jwenn kat jeyografik tren yo ak orè yo.

CharlieCard ap disponib gratis nan tout branch Bibliyotèk Piblik Boston (Boston Public Libraries) yo ak nan Meri a nan premye etaj la. Vizite [boston.gov/orange-line](https://www.boston.gov/orange-line) pou jwenn lis ki ajou ak lokal pou pran yon CharlieCard gratis.

Sèvis Commuter Rail la disponib nan stasyon Orange Line sa yo:

- Forest Hills (pou w rive nan Ruggles, Back Bay, ak South Station)
- Ruggles (pou w rive nan Forest Hills OUBYEN Back Bay ak South Station)
- Back Bay (pou w rive nan Ruggles ak Forest Hills OUBYEN South Station)
- Oak Grove (pou w rive nan Malden Center ak North Station)
- North Station (pou w rive nan Malden Center ak Oak Grove)

Liy Needham, Providence/Stoughton, ak Franklin/Foxborough bay sèvis nan stasyon Orange Line yo.

Pou jwenn enfòmasyon sou aksè sou tren Commuter Rail la, vizite [mbta.com/accessibility/commuter-rail-guide](https://www.mbta.com/accessibility/commuter-rail-guide).

Vizite [boston.gov/orange-line](https://www.boston.gov/orange-line) pou w rete okouran!

CITY of BOSTON